



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOBLÈM KALITÈ LÈ NAN TOUT ETA A EPI BAY KONSÈY POU AKTIVITE SEKIRITE NAN WEKNEN YO

Nouvo done montre yon ogmantasyon modere nan admisyon Depatman Ijans lan akòz pwoblèm opresyon ak lòt pwoblèm respiratwa

Eta te distribye plizyè milye mask bay pasaje yo ak plis pase 400,000 mask bsy 30 konte ak lidè lokal yo

Eta pral ranbouse anilasyon rezèvasyon nan etablisman lwazi Eta yo nan wikenn sa a pou yo ka pran prekosyon ak pwoblèm kontinyèl sou kalite lè a

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou repons k ap kontinye nan tout eta a sou pwoblèm kalite lè a ke ensandi forè te koze nan lès Kanada a. Previzyon yo montre zòn metwopolitèn Vil New York la, rejyon Long Island ak rejyon Lwès New York yo pral fè fas ak kalite lè ki pa bon pou gwoup sansib yo, alòske rejyon New York Santral, Lower Hudson Valley, Upper Hudson Valley ak rejyon Eastern Lake Ontario ap fè fas ak kalite lè modere.

"Pandan plis pase yon semèn, nou ap fè konnen pwoblèm kalite lè a grav epi yo reprezante yon menas pou sante ak byennèt Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kounye a, pandan kondisyon yo ap melyore gradyèlman epi li vin pi an sekirite pou yo soti deyò nan anpil rejyon nan eta a, li enpòtan pou Nouyòkè yo kontinye rete enfòme epi pran prekosyon sekirite komen pou pwoteje tèt yo ak fanmi yo."

Dapre Sistèm Siveyans Sendwòm Elektwonik NYSDOH a, te gen 147 vizit Depatman Ijans ki gen rapò ak opresyon nan Lopital New York yo, san konte Vil New York, nan dat 7 jen 2023, konpare ak yon mwayèn 80 pou peryòd senk jou soti 1e jen jiska 6 jen an. Lè yo sèvi ak done yo rapòte pou "sentòm respiratwa yo" nan dat 8 jen ki soti nan done repons Sèvis Medikal Ijans la, ki se yon sous avètisman prematire alè, Depatman Sante a te obsève:

- Yon ogmantasyon nan tout eta a 17.8 pousan nan pousantaj yo pou chak 100,000 nan dat 07/06 an konparezon ak mwayèn peryòd 5 jou a soti 01/06-05/06
- Pou rejyon metwopolitèn Vil New York la, ogmantasyon sa a te 28.4 pousan epi pou rejyon kapital la se te 12.4 pousan.

Avèk nivo aktyèl yo nan rejyon ki afekte atravè Eta New York ki soti nan Jòn rive nan Oranj, Depatman Sante ap [konseye prekosyon](#) jan sa nesesè. Etap pou moun yo pran pou diminye risk yo, enkli:

- Lè AQI pi wo pase 100, Nouyòkè ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite fè efò deyò epi siveye sentòm yo lè yo ekspoze ak aktivite deyò yo. Moun ki vilnerab yo enkli moun ki gen maladi kadyovaskilè (egzanp, ensifizans kadyak konjestif, istwa atak kadyavk anvan) oswa maladi nan poumon (egzanp, opresyon, maladi nan poumon obstriktif kwonik), osi byen ke timoun ki poko gen 18 ane, granmoun ki gen 65 ane ak plis.
- Lè AQI a pi gran pase 150, tout Nouyòkè yo ta dwe evite aktivite entans deyò yo, epi moun ki nan gwoup vilnerab yo ta dwe evite ekspoze a aktivite deyò yo.
- Moun ki ansent yo ka vin pi vilnerab tou epi yo ka vin gen kout souf pi fasil, yo konseye pou yo rete andedan kay la lè AQI a pi wo pase 150.

Kòm kondisyon lè ki pa bon pou sante ap pèsiste nan zòn ou an, ak nan jou ki vin apre yo, Depatman Sante a rekòmande pou nenpòt Nouyòkè ki gen sentòm oswa ki gen sentòm ki vin pi grav, ki gen ladan sa ki endike konplikasyon maladi kè oswa yon kondisyon kè, ta dwe konsilte doktè pèsònèl pa yo oswa chèche èd medikal imedyà. Si w gen sentòm iritasyon respiratwa pandan w deyò a, tankou touse, premyeman antre andedan pou w jwenn yon lè ki pi pwòp.

Yon Konsèy Sante sou Kalite lè pou patikil ki pi piti yo nan Long Island, Metwo Vil New York, ak rejyon Lwès New York rete an vigè jiska omwen nan fen jounen an. Yo atann patikil ki pi piti ke van an pote soti nan ensandi forè yo nan limit lekti konsantrasyon ki pi wo nan zòn sa yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Departments of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) bay konsèy sou Kalite Lè a lè meteowològ DEC yo prevwa nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil piti yo ki prevwa depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se yon valè 100. AQI a te kreye kòm yon fason fasil pou etabli relasyon ant nivo polyan diferan yo nan yon sèl echèl, ak yon pi wo valè AQI ki endike yon pi gwo pwoblèm sante. Ou ka wè dènye Previzyon AQI a [isit la](#).

Fliks lè a prevwa kontinye voye pi gwo lafimen nan sid ak nan lwès New York, ak rejyon sid ak rejyon lwès eta a k ap kontinye wè kondisyon lafimen. Previzyon pou demen an montre van k ap vire nan yon direksyon ki pi nò-nòdwès, ak posiblite pou kèk lafimen ta ka antre nan eta a byen ta nan samdi.

An repons a ensandi forè Kanadyen yo, byen bonè nan semèn sa a, [Gouvènè Hochul te anonse](#) apeprè yon milyon mask nan estil N95 ki gen kalite siperyè ki disponib pou Nouyòkè yo pou ede fè fas ak enpak sou kalite lè a. Nan Vil New York, eta a byen vit te distribye dè santèn milye mask bay vwayajè yo nan gwo sant transpò piblik yo pandan tout jounen an anplis pak ak ofisyèl eli eta yo. Yo te delivre oswa ranmase prèske

400,000 mask nan depo eta a pa konte yo ak Lejislati eta a pou distribisyon, ak plis distribisyon ki pwograme pou jodi a.

[Gouvènè Hochul te rekòmande](#) ke aktivite lekòl deyò yo sispann pandan ke kalite lè a rete yon pwoblèm. Gouvènè a te ankouraje Nouyòkè yo pou ranvwaye nenpòt aktivite deyò nan rejyon ki afekte yo jiskaske kondisyon yo amelyore.

Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Pandan ke kondisyon yo ap amelyore an jeneral atravè eta a, nou kontinye raple moun yo, espesyalman moun ki vilnerab fas ak enpak kalite lè malsen, pou yo kontwole pwòp tèt yo pou sentòm yo epi pou yo rete andedan si yo jije kalite lè a nan zòn pa yo malsen. Moun ki vilnerab yo tankou moun ki gen maladi kè oswa maladi nan poumon yo, ansanm ak sila ki jèn anpil yo, moun ki gen plis pase 65 ane, ak moun ki ansent, ta dwe diminye ekspozisyon epi minimize efò lè yo deyò. Si moun ki vilnerab yo dwe soti deyò pandan kondisyon move kalite lè a, yo ankouraje yo pou yo sèvi ak yon bon jan kalite mask ki byen adapte."

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse ranbousman konplè bay moun ki te fè rezèvasyon pou vizite yon teren kan oswa zòn pou itilizasyon lajounen DEC oswa Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta (Office of State Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) epi ki vle anile akòz pwoblèm sou kalite lè a. OPRHP opere [68 tèren kan](#) ak 8,148 sit kan, 967 kabin ak chalè, ak yon fa. [DEC jere 52 teren kan](#) nan pak Adirondack ak Catskill yo ak plis pase yon milyon kanpè vizitè pandan sware chak sezon. Vizitè ki vle anile jou y ap rive a ta dwe rele kan pa yo dirèkteman. Vizitè ki vle anile anvan jou arive yo ta dwe rele Sèvis Kliyantèl ReserveAmerica nan 1-800-777-9644. Teren kan Eta New York la rete ouvè, epi yo pral onore tout rezèvasyon yo pou moun ki te chwazi ale nan kan nan wikenn sa a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta a, Basil Seggos, te deklare, "Teren kan DEC yo ak zòn itilizasyon lajounen yo ofri yon varyete aktivite ak eksperyans deyò ki fè vizitè yo tounen ane apre ane. Lè nou konsidere pwoblèm aktyèl sou kalite lè a, nou vle asire nou kenbe kliyan sa yo kontan epi yo pral ranbouse nenpòt ki anilasyon yo te fè pou plan yo nan wikenn sa a. Ekspè nou yo pral kontinye kontwole chak jou kalite lè a pou ede kenbe piblik la enfòmè."

Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta a, te deklare, "Pandan Nouyòkè yo kontinye ekspoze ak kalite lè malsen akòz ensandi forè Kanadyen yo, mwen kontan Gouvènè Hochul ap ofri opòtinite pou ranbouse rezèvasyon kan eta yo. Pou moun ki vle rete lakay wikenn sa a, toujou gen yon ete ki gen pou vini pou yo jwi teren kan enkwayab New York yo."

Yè, [Gouvènè Hochul te anonse ranfòse](#) pou pwoteje cheval yo nan pis kous Eta New York anvan Belmont Stakes la pandan lafimen ak brim ki soti nan dife forè Kanadyen kontinyèl yo kontinye ap afekte kalite lè a nan tout eta a.

Konsèy pou Nouyòkè yo rete an sekirite:

- Limite tan deyò yo pou diminye ekspoze ak lafimen
- Kenbe fenèt kay ak bilding yo fèmen
- Evite aktivite entans yo
- Aktivite deyò nan tout gwoup yo ta dwe limite oswa minimize lè sa posib, paske moun ki gen opresyon, alèji oswa lòt kondisyon yo ka afekte.
- Evite ekspozisyon pwolonje
- Moun ki gen fragilite sante, tankou maladi kadyovaskilè oswa maladi nan poumon, menm jan ak moun ki ansent yo
- Pou moun ki dwe vwayaje deyò pou peryòd enpòtan yo, bon kalite mask ki byen ajiste kapab ede diminye ekspozisyon.

Gouvènè Hochul te an kontak ak ofisyèl Kanadyen yo epi yè li [te anonse ke yon ekip ki gen sèt Gad Forè DEC](#) ap deplwaye pou ede ak efò pou ede metrize ensandi forè yo. Yo pral Kebèk pou dirije yon ekip ekspè popye kont ensandi forè ki gen 15 moun nan Maine, New Hampshire, ak Vermont pou de semèn k ap vini yo, epi anplis yon Gad Forè DEC ki kounye a ap dirije efò ponpye yo nan Nova Scotia. Eta New York souvan deplwaye ponpye pou konbat ensandi forè ki byen antrene pou ede konbat dife kòm yon pati nan kontra ant eta ak entènasyonal la pou konbat ensandi.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)